# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–21 मार्च 2026** **भोजपुरी समाचार**

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु प्रदेस दौरा के तिसरका आ आखिरी दिन्ने आजु मथुरा के गोवर्धन में दानघाटी मंदिर में पूजा–अर्चना कइलिनि। राष्ट्रपति सरधालुअन के बिच्चे आ के मंदिर परिसर क निरीक्षण कइलीं आ भगवान गिरिराज के प्रति आपन आस्था जतवलीं। दरसन'पूजन के बाद राष्ट्रपति गोधर्वन पैकरमों कइलीं। ई पैकरमा इलाका के हजारों सरधालुअन बदे खास महातम रक्खे ला। येह दौरान राष्ट्रपति पर्यावरण संरक्षण क सनेसा देत पौधो लगवलीं। उहां के लोगिन से ढेरि से ढेरि पौधा लगवले क अपीलि करत क्षेत्र में हरियाली आ स्वच्छता बनावे रखले पर जोर दिहलीं। येह दौरान राज्यपाल आनंदीबेन पटेलो मौजूद रहलिनि।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अंतरराष्ट्रीय वन दिवस के मौका पर आजु लखनऊ के इंदिरा गांधी प्रतिस्ठान में आयोजित कार्यक्रम में वीर लइकन के सम्मानित कइलें। येह दौरान उहां के तेंदुआ के हमला क साहसपूर्वक सामना करे वाले लइकन क सराहना करत उन्हें समाज बदे प्रेरणास्रोत बतवलीं। मुख्यमंत्री कहलें कि जब कउनों अभियान जन आन्दोलन बने ला त सफलता सुनिस्चित होला। उहां के कहलीं कि वनाच्छादन बढ़वले में प्रदेस उल्लेखनीय उपलब्धि हासिल कइले हौ।

***पिछले 9 वर्षों में उत्तर प्रदेश के अंदर आदरणीय प्रधानमंत्री जी के मार्ग दर्शन में हम लोगों ने अपने वन अच्छादन को बढ़ाने में सफलता प्राप्त की है। ये एक प्रयास है और मेरा मनना है कि इस प्रयास में हमें सफलता प्राप्त तब हुई जब हम लोगों ने इसे जन आन्दोलन बनाने का कार्य किया। ये केवल वन विभाग का कार्यक्रम नही बन पाया था। मेरा मनना है कि जबभी कोई अभियान जन आन्दोलन बनता है तो उसमें सफलता प्राप्त होती है।***

कार्यक्रम में बहराइच क दस सालि क अच्छेलाल आ प्रयागराज क अठारह सालि क तनु सिंह के खास तौर से सम्मानित कइल गइल। अच्छेलाल छौ दिसम्बर दुइ हजार पचीस के तेंदुआ क हमला के दौरान बहादुरी देखवत खुद के सुरक्षित बचवलें। ओहीं तनु सिंह आठ जनौरी दुइ हजार छब्बीस के अपने घर में घुसल तेंदुआ के सूझ–बूझ से एगो कमरा में बन्द कइ दिहलिनि आ खुद के साथे दुइ गो छोटहन लइकन क जान बचवलिनि।

मुख्यमंत्री वानिकी आ वन्य जीव संरक्षण के क्षेत्र में बढ़िया कार करे वाले वन विभागो के करमचारियन के सम्मानित कइलें। एकरे सथहीं सामाजिक संगठननो के उनके जोगदान बदे प्रसस्ति पत्र दिहल गइल। कार्यक्रम के दौरान कार्बन क्रेडिट परियोजना के तहत कुशीनगर आ रायबरेली क दुइ गो किसान के चेको दीहल गइल। येह मौका पर मुख्यमंत्री वन विभाग के ओरि से लगावल गइल परदरसनी क अवलोकनों कइले।

**********

सरकार आयकर नियम–दुइ हजार छब्बीस अधिसूचित कइ दिहले हौ। ई नियम पहिला अपरैल से परभावी होई। नया नियमन क उद्देस्य अनुपालन के बढ़ावल आ नियमन क संख्या कम कइ के प्रक्रिया के सरल बनावल हौ। केन्द्रीय वित्त मंत्रालय कहले हौ कि नया नियम में कम्पनियन के लाभांस क भुगतान खाली देस के भितरे करे के होई।

**********

प्रदेस भर में आजु ईद–उल–फितर क तिउहार हर्षोल्लास के साथे मनावल जा रहल बा। रमजान क पवित्तर महिन्ना के बाद आवे वाला ई तिउहार भाईचारा आ सौहार्द् क सनेसा देला। येह मोका पर राज्यपाल आनंदीबेन पटेल आ मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ प्रदेसवासियन के ईद के तिउहार क सुभकामना दिहले हवें। आजु भिन्नहियें से प्रदेस क राजधानी लखनऊ के सथहीं कई सहरन के ईदगाहन आ मस्जिदन में ईद क नमाज अदा कइल गइल। एगो रिपोर्ट–

***लखनऊ में ईद की नमाज मुख्य रूप से दारुल उलूम नदवतुल उलेमा, ऐशबाग ईदगाह, बड़ा इमामबाड़ा स्थित आसिफी मस्जिद और टीले वाली मस्जिद में अदा की गई। नमाज के बाद मुस्लिम समुदाय ने देश की तरक्की और विश्व में शांति के लिए दुआ की। प्रदेश में कई स्थानों पर ईद पर लगने वाले मेलों का आयोजन भी किया जा रहा है। भीड़भाड़ वाले स्थानो पर पुलिस प्रशासन ने सुरक्षा के व्यापक प्रबंध किए हैं। ईद की नमाज के दौरान भी हिफाजत के सख्त बंदोबस्त किए गए थे। मुमताज अली आकाशवाणी समाचार लखनऊ।***

**********

नवरातर क तिसरका दिन्ने आजु सरधालु माता के चन्द्रघंटा स्वरूप क दरसन–पूजन कइ रहल हवें। येह मौका पर प्रदेस के सज्जो सक्तिपीठन आ देवी मंदिरन में भिन्नहियें से सरधालुअन क भारी भीड़ि लागल बा। मिर्जापुर क विन्ध्यवासिनी देवी मंदिर में बरमबेले से सरधालुअन के अइले क सिलसिला जारी बा। वाराणसी जिला के चौक क्षेत्र के माता क प्राचीन मंदिरो में दरसन–पूजन बदे भोरवें से सरधालुअन क भारी भीड़ि रहल। येह बिच्चे अजोध्या में प्रभु श्रीराम क दरसनो बदे ढेरि संख्या में सरधालु ओइजा पहुंचि रहल हवें।

**********